



Enstriksyon pou Ti Reklamasyon oswa Demach Devan Tribunal Civil

Ou ka fè reklamasyon pou salè yo pa peye w, kòb anplis sou salè, lè siplemantè, domaj, elt. nan Ti reklamasyon nan tribunal.

Ti reklamasyon nan tribunal se lè yon moun ka rele moun lajistis san yon avoka, pou lajan sèlman. Ou ka rele moun lajistis pou montan jiska \$3,000 nan tribunal nan ti vil oswa vilaj, epi pou montan jiska \$5,000 pou Tribunal nan Gwo Vil. Si reklamasyon w lan plis pase \$3,000, oswa \$\$5,000, ou pa ka divize l an de oswa plis reklamasyon pou w ka depase montan maksimòm nan. Si reklamasyon w la depase montan maksimòm nan, ou ka rele moun lajistis nan Tribunal Civil.

Gen yon Tribunal pou Ti Reklamasyon nan chak vil, katye ak vilaj nan Eta Nouyòk.

Pou w depoze yon reklamasyon ou dwe ranpli fòmilè yo epi bay non kòrèk konpayi a, non legal, ak adrès konpayi a. Pou w jwenn non legal konpayi a, yon biwo grefye nan rejon an ka ede w. W ap gen pou w peye \$20.00 pou pi plis pou dosye, sa depan de montan reklamasyon an, oswa kote w ap viv.

Si w bezwen yon entèprèt, Tribunal la ka ba w youn gratis.

Si w ap viv nan Vil Nouyòk, kontakte biwo tribunal ki annapre yo:

Bronx County	851 Grand Concourse	Bronx	NY 10451	(718) 618-2517
Kings County	141 Livingston St.	Brooklyn	NY 11201	(347) 404-9021
New York County				
Harlem	170 East 121 St.	New York	NY 10035	(212) 828-7588
Manhattan	111 Centre St.	New York	NY 10013	(646) 386-5484
Queens County	89-17 Sutphin Blvd.	Jamaica	NY 11435	(718) 262-7123
Richmond County	927 Castleton Ave.	Staten Island	NY 10310	(718) 675-8460

Si w travay yon lòt kote ki pa nan Vil Nouyòk:

Al gade sit pou w jwenn tribunal yo sou sit entènèt tribunal Nouyòk yo: www.nycourts.gov. Rele tribunal nan zòn ou an pou enfòmasyon konsènan fason pou w depoze yon reklamasyon.

Ou ka jwenn enfòmasyon ki annapre a konsènan fason pou w fè reklamasyon oswa demach tribunal civil sou sit entènèt **New York State Unified Court System** la:

- Depoze yon reklamasyon:
- Prepare w pou dosye w la
- Jijman an
- Pran lajan nan jijman an

Ale sou www.nycourts.gov epi chèche pubblikasyon sa yo:

- *Small Claims Handbook; City, Town & Village Courts*
- *Small Claims Court Guide; NYC, Nassau and Suffolk Counties*

Pou nenpòt kesyon w genyen, rele New York State Unified Court System nan 1-800-CourtNY (800) 268-7869 oswa <mailto:question@nycourts.gov>.